



Pou Piblikasyon Imedya: 16/02/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$8 MILYON POU MODÈNIZASYON NAN OTÈL ESKI BELLEAYRE

*Finansman an Pral Sipòte Konstwiksyon yon Nouvo Gondòl ak Modènizasyon yo nan Baz Otèl la nan Belleayre Mountain*

*Ekspansyon an Pral Pèmèt pou Gen Plis Santye, ak Opòtinite Rekreyatif Pandan Tout Ane a*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke eta a pral investi yon \$8 milyon adisyonèl pou modènizasyon yo nan Belleayre Ski Center ki nan Highmount pou kapab atire plis vizitè, epi ajoute sou boujònman endistri touris nan Rejyon Catskill. Investisman sa pral amelyore etablisman aktyèl yo ki nan Belleayre Mountain ak enstalasyon yon nouvo gondòl a wot vitès, divès ekspansyon lòj yo ak ajou ekipman modèn yo pou toulède lòj yo ki nan otèl la. Pwojè a pral ogmante kantite vizit, amelyore eksperyans kliyan, epi bay yon bourad majè a touris nan Catskills ak ekonomi rejyon an.

“Belleayre Mountain se yonn nan bijou presye nan Catskills epi se yon faktè majè nan ekonomi touristik rejyon an,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Ak investisman sa, nou ap sipòte modènizasyon vital yo nan montay sa pou kapab asire ke li rete yon destinasyon rekreyatif san parèy pandan tout ane a, epi kontinye favorize kwasans ekonomik pou tout rejyon an okonplè pou jenerasyon k’ap vini yo.”

“Plan sa pral remanye Belleayre Ski Resort lan pou kapab abòde neseseite zòn yo, ogmante kantite vizit yo ak amelyorasyon global satisfaksyon kliyan yo,” **se sa Ted Blazer, ki se Prezidan & Direktè Egzekitif ORDA (Olympic Regional Development Authority), te deklare.** “Ajou nouvo gondòl la, ak ekipman lòj epòk modèn yo nan Belleayre pral atire nouvo amatè eski yo ak siklis yo, epi ankouraje yo rete nan zòn New York lan pou eksperyans otelye yo. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè a poutèt angajman pèmanan li nan non sèlman Belleayre, men tou nan Rejyon Catskill.”

Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2018 la gen ladan \$12.5 milyon pou etablisman Olympic Regional Development Authority yo, ki enkli Belleayre, Whiteface ak Gore Mountains,

menm jan ak etablisman Olympic yo. Mwa pase, Gouvènè a te anonse yon \$20 milyon adisyonèl nan modènizasyon etablisman yo ki nan Whiteface ak Gore Mountains ki nan North Country, epi ajoute sou endistri touris rejyon an ki ap boujonnen an. Yo ap ajoute nouvo investisman kapital sa yo nan Bidjè Egzekitif la kòm yon pati nan amandman 30 jou yo, ki te soumèt jodi a.

### **Nouvo Gondòl A Wot Vitès**

Modènizasyon yo nan Belleayre Mountain gen ladan konstwiksyon yon gondòl a wot vitès pou ywit (8) moun ki pral travèse soti depi pi ba nan montay Discovery Lodge lan pou rive nan somè montay la, sa ki ap bay pwen aksè ki pi efikas, lojik, epi ki nesèsè pou amatè eski ak siklis yo. Enstalasyon asansè sa, ansanm ak lòt chanjman ki te pwopoze yo, sa pral remanye etablisman an okonplè epi elve Belleayre a yon pi wo nivo eksperyans otelye. Nouvo gondòl la pral genyen 65 kabin ki pral transpòte envite yo nan somè a nan mwens ke sis minit, sa ki ap ogmante masivman kapasite amatè eski nan montay la epi bay yon pi bon eksperyans eski. Gondòl la pral bay tou opòtinite revni adisyonèl yo pliske itilizasyon plaka entèn yo pèmèt pou bay òf sa yo:

- Eski Nordic ak Cross Country nan somè ekspansif nan montay la;
- Vwayaj gondòl vizyèl pandan tout ane a jan yo vann yo nan Whiteface & Gore Mountains;
- Vwayaj sou bisiklèt nan montay la nan somè montay la; ak
- Alokasyon maryaj ak fèt prive yo nan somè montay la.

### **Amelyorasyon Belleayre Lodge yo**

Montay la gen de (2) otèl prensipal, Discovery Lodge ki nan baz pati anba nan zòn otèl yo ki desèvi tèren debitan ak etablisman alokasyon yo, ak Overlook Lodge, ki aksede a òf pati pi wo nan montay la yo epi ki jere majorite òf manje ak bwason yo. Ak ajou yon Gondòl, elajisman òf otèl yo enpòtan anpil pou kapab sipòte baz envite adisyonèl yo ke yo prevwa kòm yon rezilta. Eta a pral bay \$1.5 milyon pou modènizasyon nan chak otèl yo.

- Amelyorasyon Discovery Lodge yo: Discovery Lodge ki nan Belleayre genyen yon espas aprantisaj pou timoun yo, espas lekòl eski, kafetarya, sal de ben, ak yon ti bar/kafe. Amelyorasyon yo nan Discovery Lodge pral ogmante kapasite chèz aktyèl li, espas lavant an detay, lokalite manje/bwason ki ogmante yo, ak ajou espas biwo. Sa pral bay ase espas pou genyen yon espas aprantisaj ki totalman fonksyonèl pou tout laj yo, ki gen ekipman ki nesèsè yo pou bay sèvis a envite sa yo jan sa nesèsè ki enkli òf estil bar ak retoran yo.
- Amelyorasyon Overlook Lodge yo: Overlook Lodge aktyèlman bay envite yo aksè ak regwoupman nan pwen asansè yo ki ap atenn tèt montay la, epi li genyen yon espas kafetarya menm jan ak yon bar ak restoran ak yon biwo ki atache. Amelyorasyon yo nan zòn sa pral elaji kapasite chèz yo, antrepo ak zòn plaka yo, etablisman gadri yo, ak ekspansyon òf manje ak bwason yo.

Amelyorasyon yo nan Belleayre Mountain pral sipòte wòl etablisman an antan ke yon

faktè majè nan endistri touris Rejyon Catskill lan, epi li pral an dènye elaji kwasans ekonomik ak opòtinite investisman yo pou kominote avwazinant yo. L'ap rann opòtinite pou eski ak aktivite rekreyatif pandan ivè yo pi aksesib pou vizitè ki soti nan Vil New York ak rejyon sid eta yo, pase lòt estasyon eski nan tout rejyon nòdès la.

### **Touris nan Rejyon Catskill**

Depi lè li te antre nan administrasyon an, Gouvènè a te travay pou devlope endistri touris New York nan rejyon Catskills. Ane pase, Gouvènè a te òganize Defi Estival Catskills (Catskills Summer Challenge) lan pou mete aksan sou aktivite ak atraksyon klas mondyal yo ki pare ki disponib nan Catskills nan objektif pou atire touris epi favorize ekonomi rejyon an.

An 2015, enpak ekonomik total endistri touris la nan rejyon an te atenn \$1.83 milya, yon ogmantasyon de plis pase 13 pousan depi 2010. Kantite vizitè yo ogmante de 14 pousan depi 2010 ak plis pase 11 milyon vizitè nan Catskills an 2015. An plis, touris vital pou ekonomi rejyon an, sa ki ap reprezante plis pase 15 pousan nan travay nan rejyon an, oswa pi plis pase 17,000 pòs travay.

Investisman nan Belleayre Mountain lan ajoute sou akonplisman Gouvènè a ki deja ap etabli estaj pou kwasans fiti yo nan rejyon Catskills, ki enkli:

- Plis pase \$5.4 milyon te investi nan rejyon Catskills pa DEC (Department of Environmental Conservation) pou kapab amelyore aksè lapèch yo, wout kous apye yo, tèren kanpman yo ak enfrastrikti;
- Maurice D. Hinchey Catskill Interpretive Center a, ki se yon pwojè \$1.3 milyon ki te sipòte pa New York Works, ki te fin konplete an 2015 epi bay vizitè yo enfòmasyon sou 283,279 ekta tèren nan Catskill Park;
- Amelyorasyon yo pou kapab amelyore eksperyans vizitè yo epi ogmante sekirite piblik, ki enkli yon platfòm obsèvasyon, ki te konplete nan Kaaterskill Falls; ak
- Bis I LOVE NEW YORK lan yo òganize vwayaj eski regilye yo soti depi nan desant Manhattan pou rive nan desant Catskills yo, ki enkli Hunter Mountain ak Belleayre, pou kapab atire touris nan Rejyon Nò a.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418